

# Kijan pou ou Aplike pou Lojman ki Sibvansyone nan Massachusetts Asistans Anplis: Opsyon pou Moun ki Pa Ameriken

## Ki moun ki pa Ameriken ki kalifye pou tout kalite lojman sibvansyone oswa ki bon mache yo?

Si yo kalifye yon lòt fason, tankou akòz yo genyen yon revni ki ba, imigran ki annapre yo kalifye pou yo aplike nan pwogram ki gen restriksyon yo:

- moun ki gen rezidans legal pèmanan
- imigran ki enskri (pwokirè jeneral ameriken an te ba yo admisyon pou rezidans pèmanan epi ki kalifye pou sitwayènte)
- refijye oswa moun ki gen azil
- moun ki antre sou kondisyon
- moun ki gen rezidans tanporè
- moun ki benefisye pwoteksyon kont depòtasyon
- moun yo bay estati amnisti 1986
- moun k ap viv nan Marshall Islands, Micronesia, Palau, oswa Guam
- viktim trafik moun oswa sèten pwòch viktim sa yo (mari oswa madanm, timoun, paran, ak frè ak sè ki se minè ki se pitit viktim yo.)
- moun ki deplase soti nan Irak ak Afganistan\* ak moun ki deplase soti nan Ikrèn\*\*, ka gen dispozisyon espesyal.
- sèten imigran ki fèk soti Kiba ak Ayiti

### **Dat moun nan antre ak kantite tan li genyen Ozetazini pa enpòtan.**

\*Moun ki gen viza imigran espesyal (special immigrant visa, SIV) ki soti Irak ak Afganistan ak imigran espesyal ki gen rezidans tanporè (ki te aplike pou estati SIV) kalifye pou avantaj federal yo menm jan ak refijye yo. Lòt Afgan yo bay rezidans tanporè ant 31 jiyè 2021 ak 16 desanm 2022 — ak mari oswa madanm yo ak pitit yo, ak paran oswa responsab legal timoun ki pa akonpaye yo te bay rezidans tanporè apre 30 septanm 2022 — kalifye tou pou avantaj federal yo menm jan ak refijye yo. Kalifikasyon pou gwoup sa a ap kontinye jouk nan fen viza rezidans tanporè yo a. (1ye oktòb 2022)

\*\*Ikrenyen yo te bay rezidans tanporè pou rantre Ozetazini ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2023 – ak mari oswa madanm yo ak pitit yo, ak paran yo, responsab legal oswa moun prensipal k ap bay timoun ki pa akonpaye yo te bay viza tanporè Ozetazini apre 30 septanm 2023 swen— kalifye pou avantaj federal menm jan ak refijye yo. (Gen yon eksepsyon pou yon premye pwogram reyentegrasyon). Avantaj yo disponib pou gwoup sa a kèlkeswa dire peryòd

viza tanporè yo a –men kalifikasyon yo ap kontinye sèlman jiskaske viza tanporè yo a fini.  
(24 me 2022)

†**Moun ki soti Kiba ak Ayiti ki antre** ki genyen estati Viza Tanporè yo kalifye pou Lojman Sibvansyone ak Seksyon 8, si yo kalifye. Lòt yo ka kalifye, nou konseye w chèche konsèy jiridik.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri pale ak travayè sosyal ou a epi mande *bwochi Klinik Imigrasyon ak Avoka yo*. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou:

[nilc.org/wp-content/uploads/2022/10/tbl1\\_ovrvw-fed-pgms-rev-2022-10.pdf](https://nilc.org/wp-content/uploads/2022/10/tbl1_ovrvw-fed-pgms-rev-2022-10.pdf)

## Ki pwogram lojman ki gen restriksyon?

Se sèlman sitwayen ameriken ak imigran ki endike pi wo yo ki ka jwenn asistans nan pwogram lojman federal ki genyen restriksyon sa yo:

- Lojman piblik federal pou fanmi, granmoun aje, ak moun ki andikape
- Seksyon 8 Koupon Chwa Lojman
- Seksyon 8 pwogram reyadaptasyon modere
- Pifò bilding federal pou plizyè fanmi yo
- Pwogram pou Moun K ap Achte Kay pou Premye Fwa

## Ki pwogram asistans pou lojman ki PA gen restriksyon ki gen rapò ak imigrasyon?

**Nenpòt moun ki gen nenpòt estati imigrasyon** (men ki kalifye) **ka aplike pou pwogram ki annapre yo:**

### Pwogram lojman eta

- Lojman piblik Massachusetts pou fanmi
- Lojman piblik Massachusetts pou granmoun aje ak moun ki andikape
- Pwogram Koupon pou Lwaye Massachusetts (Massachusetts Rental Voucher Program, MRVP)
- Pwogram Koupon pou Lojman Altènatif (Alternative Housing Voucher Program, AHVP)
- Lojman pou plizyè fanmi Eta Massachusetts finanse
  - Sa a gen ladan devlopman 13A atravè MassHousing, ak pwogram Asistans Lojman Eta pou Lojman Alwe (SHARP, State Housing Assistance for Rental Production).

### Pwogram lojman federal

- Kèk bilding federal pou plizyè fanmi
- Opòtinite Lojman pou Moun ki Gen Sida (Housing Opportunities for Persons with AIDS, HOPWA)
- Pwogram pou Sanzabri McKinney yo (**sof** pwogram reyadaptasyon modere Seksyon 8 McKinney a)
- Shelter Plus Care
- Lojman Sipò
- HOME Asistans pou Lwaye
- Kèk pwopriyete ki benefisyè Kredi Taks pou Lojman pou Moun Ki Gen Revni ki Ba

## Èske tout moun nan kay la dwe swa yon Ameriken oswa yon moun ki pa Ameriken ki kalifye pou yo aplike nan pwogram ki gen restriksyon yo?

Non, men akòz règ espesyal pou "kay melanje yo" (kote kèk manm se Ameriken oswa moun ki pa Ameriken ki kalifye ak kèk nan yo ki pa kalifye), li ka pi bon pou yo aplike sèlman nan pwogram eta yo ak/oswa pwogram federal ki pa gen restriksyon yo.

Se paske **kay ki melanje yo sèlman kalifye pou asistans opworata** nan pwogram ki gen restriksyon yo. Kantite asistans oswa sibvansyon pou lojman an pral baze sèlman sou kantite manm fanmi imigran ki kalifye yo. Kidonk, lwaye fanmi an dwe peye a pral pi wo nan pwogram federal oswa pwogram restriksyon yo pase nan pwogram lojman ki pa gen restriksyon yo epi ki pa gen anpil chans pou yo bon mache.

## Èske yo ka pote plent pou yon moun ki aplike oswa depòte l akòz li aplike pou lojman piblik oswa lojman ki sibvansyone?

**Pwogram lojman** eta a finanse yo pa kolekte enfòmasyon sou si w si Ameriken oswa imigrasyon. Nan tout fason, yo ta dwe entèdi pwogram sa yo distribiye enfòmasyon sa yo dapre lwa ki pwoteje konfidansyalite yo.

Gen yon sèl sitiyasyon kote yon pwogram lojman oblije rapòte yon moun pa genyen estati imigrasyon legal: si yon moun ki aplike deklare nan yon aplikasyon pou yon pwogram lojman **federal** li gen estati imigrasyon ki kalifye, yo refize bay moun sa a lojman, epi apresya moun nan fè kontestasyon kont refi lojman an, epi pandan kontestasyon an, yo jwenn li pa prezan legalman nan peyi a. Yon pwogram lojman ta dwe rapòte sèlman moun li "konnen," se pa moun li "sispèk," ki nan peyi a ilegalman. Gade nan kesyon ak repons Devlopman Vil ak Lojman an (Housing and Urban Development, HUD) konsènan pwoblèm sa a sou:

[nilc.org/issues/economic-support/overview-immeligfedprograms/](https://nilc.org/issues/economic-support/overview-immeligfedprograms/) (Gade nan: *Kijan pou Ou Pote Plent nan Depatman Sekirite Nasyonal la*)

Sepandan, ou dwe konnen, divizyon Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Ameriken Depatman Sekirite Nasyonal la gen yon nimewo telefòn pou apèl gratis pou yo aksepte rapò anonim sou vyolasyon ki gen rapò ak imigrasyon ak ladwàn yo.

## Èske lè w resevwa asistans pou lojman piblik, sa a ka lakòz enkyetid "chaj piblik" kote w vin sou kont leta?

**Non. Otorite imigrasyon yo p ap konsidere yon moun kòm yon chaj piblik akòz li aplike oswa li benefisye lojman piblik.**

Yon chaj piblik se yon moun ki gen anpil chans bezwen sipò finansyèl gouvènman an atravè èd lajan kach, tankou Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Timoun sou Kont yo (Transitional Assistance for Families with Dependent Children, TAFDC), oswa )swen enstitisyonèl alontèm, tankou swen nan mezon retrèt. Yo ka refize yon imigran yo jwenn ki "gen chans pou nenpòt lè vin yon chaj piblik" rantre nan peyi Etazini oswa yo ka refize ba li estati kòm yon rezidan pèmanan legal. Men, n ap di w sa a ankò, lè w aplike pou lojman piblik oswa lè w benefisye lojman piblik, sa a pa ka lakòz yo konsidere w kòm yon chaj piblik.

## Pa janm itilize yon fo Nimewo Sekirite Sosyal (oswa nimewo yon lòt moun).

Bay yon fo nimewo sekirite sosyal se yon enfraksyon federal. Moun ki aplike yo pa ta dwe janm bay yon fo nimewo sekirite sosyal. Si yon granmoun ki se moun nan kay la pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal, moun k ap aplike yo ta dwe mande si gen lòt fòm, tankou souch peman ak atestasyon kont labank, pou yo itilize pou verifye idantite oswa revni.

Yon ajans lojman oswa yon pwopriyete ka di yo bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou yo ka chèche istwa penal ou, oswa Enfòmasyon sou Kazye Jidisyè w (Offender Record Information, CORI). Itilizasyon nimewo Sekirite Sosyal yo pa obligatwa, epi gen lòt sous enfòmasyon ki ka itilize pou verifye idantite. Moun ki aplike yo ta dwe di ajans lojman an oswa pwopriyete a yo pa te bay okenn nimewo Sekirite Sosyal, epi yo konprann yon nimewo Sekirite Sosyal pa nesèsè pou yo kalifye pou pwogram nan. Yo vle sètifye yo pa gen nimewo Sekirite Sosyal, epi y ap kolabore pou yo bay lòt verifikasyon.

Si estrateji sa yo pa mache, li ka bon pou ou kontakte yon biwo sèvis jiridik lokal pou asistans (ale sou [masslrf.org/en/home](http://masslrf.org/en/home)).

## Kijan yon moun ka pwouve revni l si moun nan pa rapòte revni l pou taks?

Pifò pwogram lojman yo baze montan pou lwaye a sou revni kay la. Yo kapab akize yon fanmi pou fwod ak/oswa mete l deyò nan kay la paske li pa rapòte revni l.

Imigran ki pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal kapab aplike epi li ta dwe aplike nan The Internal Revenue Service (Sèvis Revni Entèn nan) pou yon Nimewo Idantifikasyon Endividyèl pou Taks (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), ki se yon nimewo idantifikasyon pou taks ki pèmèt yon moun rapòte revni l epi peye taks san yo pa depòte l. Yon moun ka aplike pou yon ITIN lè li ranpli Fòm W7, li ka jwenn li sou: [irs.gov](http://irs.gov) (chèche "W7").

**Sa ki bon an, moun ki aplike a ap deja genyen yon nimewo ITIN ANVAN li aplike nan nenpòt pwogram lojman piblik oswa lojman ki sibvansyone.**

**Yo jwenn ekstrè sa a ak pèmisyon, epi pou ou jwenn plis enfòmasyon gade nan:** *Legal Tactics: Finding Public and Subsidized Housing*, dapre Massachusetts Law Reform Institute, Twazyèm Edisyon, 2009 Mizajou nan mwa mas 2015; Chapit 9: Immigrants and Housing sou: [masslegalservices.org/system/files/library/Immig&Hsig%20Legal%20Tactics.pdf](http://masslegalservices.org/system/files/library/Immig&Hsig%20Legal%20Tactics.pdf).

Pou ou achte yon kopi piblikasyon an, tanpri kontakte Massachusetts Legal Education, Inc. (MCLE | New England) nan nimewo 1-800-966-6253.